




# CONNECTED CARE

Resous pou Jere Swen Kwonik yo

Jere Swen  
Sante ou Kapab  
Akablan, Men li Pa  
Dwe Konsa.





Si w gen **Medicare epi w ap viv ak de oswa plis maladi kwonik** tankou atrit, dyabèt, depresyon, oswa tansyon wo, sèvis pou jere swen kwonik yo ka ede w wè kisa ki konekte yo ansanm pou w ka fè plis tan ap fè sa w renmen.

### **Sèvis yo ka gen ladan yo:**

- Omwen 20 minit sèvis pou jere swen kwonik pa mwa
- Asistans pèsonalize nan men yon pwofesyonèl swen sante devwe ki pral travay ansanm avèk ou pou kreye plan swen ou an
- Kowòdinasyon swen yo ant famasi w la, espesyalis yo, sant tèss yo, lopital yo, elatriye
- Verifikasyon nan telefòn ant vizit yo pou pèmèt ou rete sou bon wout la
- Aksè pou w jwenn yon pwofesyonèl swen sante annijans 24/24
- Asistans yon espesyalis pou w ka fikse epi atenn objektif sante ou yo

**Mande doktè w la pou l pale w de sèvis pou jere swen kwonik yo epi jwenn sèvis Connected Care ou bezwen an.**

**Pou plis enfòmasyon vizite: [go.cms.gov/ccm](https://go.cms.gov/ccm).**

